



Demann reklamasyon ak enstriksyon yo

Kijan pou aplike pou yon konpansasyon

Kiyès ki kapab aplike pou yon konpansasyon?

Viktim ki inosan pou yon zak kriminel, kèk paran, moun ki responsab, responsab legal, ak Bon Samariten (Good Samaritans) ki kalifye kapab ale nan Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) pou yo aplike pou yon konpansasyon pou frè asirans oswa lòt resous ki sòti nan pòch ou ki pa kouvri.

Pou ki kalite depans yo kapab dedomaje m?

OVS ofri konpansasyon ki gen rapò ak: blesi sou kò, lanmò ak pèt byen pèsoneèl ki esansyèl.

Depans espesifik OVS ka kouvri yo gen ladan l:

- Frè medikal, famasi ak konsèy.
- Byen pèsoneèl esansyèl ki pèdi (*jiska \$500, li gen ladan l \$100 pou lajan kach*)
- Frè antèman oswa finerey (*jiska \$6,000*)
- Salè ki pèdi oswa lè w pèdi sipò (*jiska \$30,000*) (*Paran oswa responsab legal timoun minè ki entènè yo ka kalifye pou avantaj sa a.*)
- Transpò (tribinal/medikal)
- Reyabilitasyon pwofesyonèl oswa pou travay
- Dispozitif sekirite ak Frè pou chèlètè DV
- Netwayaj sèn zak la (*jiska \$2,500*)
- Byen ki pèdi nan Bon Samariten (*jiska \$5,000*)
- Frè demenajman (*jiska \$2,500*)

Kòman pou mwen mande yon konpansasyon?

Voye yon demann OVS ki ranpli nèt avèk kopi:

- Rapò lapolis
- Fakti medikal
- Korespondans avèk konpayi asirans yo
- oswa plan avantaj ki di y ap kouvri pèt ou yo.
- Kat asirans
- Resi pou byen pèsoneèl ki esansyèl
- Ak desè ak kontra finerey la
- Batistè viktim nan
- Prèv pou laj (lisans, batistè, elatriye)
- Dokiman legal pou moun ki responsab legal la

Kisa k ap rive si m pa gen dokiman OVS bezwen yo?

Voye aplikasyon w lan tousuit. Ou kapab voye lòt dokiman yo pita.

Kisa pou m fè si byen m yo te pèdi, domaje, oswa detruyi akòz zak kriminel lan?

Si ou gen mwens pase 18 lane, 60 lane oswa plis, si w andikape oswa w te blese, ou kapab mande avantaj pou ranplase byen pèsoneèl ki *esansyèl* ou yo oswa lajan kach ki pa t garanti pa okenn lòt resous.

Esansyèl vle di ki nesèsè pou sante w ak byennèt ou, tankou linèt ak rad ou yo.

Kisa k ap rive si m demenaje?

Voye yon lèt ki siyen nan OVS tousuit. Di nou adrès ou a ak nimewo telefòn ou. Fè nou konnen si adrès imèl ou a chanje tou.

Kiyès ki kapab siyen reklamasyon an?

Jeneralman, viktim nan dwe siyen reklamasyon an. Sepandan, si viktim nan gen mwens pase 18 lane, oswa li fizikman oswa mantalman pa kapab siyen, responsab legal li a dwe siyen (moun k ap resevwa avantaj yo) dwe ranpli ak siyen seksyon 2 reklamasyon an.

Si viktim nan mouri, moun ki mande avantaj yo dwe ranpli seksyon 2 reklamasyon an epi siyen l.

Èske gen yon lòt fason pou aplike?

Wi. Vizite ovs.ny.gov pou w gen aksè ak Pòtay Sèvis pou Viktim (Victim Service Portal, VSP) epi ranpli yon demann anliy.

Èske mwen dwe tache fòm HIPPA a?

Wi. Ranpli yon fòm HIPAA pou **chak** founisè sèvis. Ou kapab fè fotokopi yon fòm ki blanch pou w kapab fè kopi anplis.

80 S. Swan Street
Albany, NY 12210-8002
(518) 457-8727

ovs.ny.gov

55 Hanson Place
Brooklyn, NY 11217-1523
(718) 923-4325

800-247-8035

Enfòmasyon sou dedomajman tribinal la òdone

Kisa ki yon dedomajman?

Dedomajman an se yon konpansasyon moun ki fè krim nan peye yon viktim pou yon deli kriminèl pou pèt oswa blesi li te genyen ki gen rapò ak deli kriminèl lan. Se tribinal la ki dwe òdone l nan moman kondanasyon an, epi yo konsidere l tankou yon pati nan krim nan.

Dedomajman an se **PA** pou peye domaj pou pèt fiti yo, angwas mantal oswa “doulè ak soufrans.”

Lè biwo pwokirè distri a enfòm tribinal la ou te mande yon dedomajman oswa lè deklarasyon enpak sou viktim ki gen nan rapò ankèt pou libète sou kondisyon (rapò anvan santans lan, anvan pledwaye a, oswa anvan dispozisyon an) di viktim lan mande yon dedomajman, tribinal la dwe òdone yon dedomajman sof si enterè lajistis la deside yon lòt bagay. Lè jij la pa òdone dedomajman an, jij la dwe di rezon yo aklè nan dosye a.

Kisa mwen kapab mande kòm dedomajman?

Ou kapab mande yo ranbouse pou w nenpòt depans ou te fè akòz deli kriminèl la – menm pou atik OVS ka pa kapab ranbouse yo. Dedomajman an ka gen ladan l, men ki pa limite ak, ranbousman pou fakti medikal, frè pou konsèy, revni ou pèdi, depans pou antèman, franchiz asirans ak ranplasman byen yo te volè oswa ki gen domaj.

Kiyès ki gen dwa pou gen yon dedomajman?

Nenpòt moun ki te viktim yon deli kriminèl epi ki te sibi blesi, ki pèdi ekonomi yo oswa ki te gen domaj kapab mande dedomajman. Anpil fwa, viktim ki merite yon dedomajman pa mande l. Sa a kapab rive paske viktim yo pa konnen yo gen dwa pou gen yon dedomajman, oswa yo pa konnen etap yo dwe suiv pou yo jwenn dedomajman yo merite a.

Kiyès mwen kapab mande yon dedomajman?

Ou dwe kontakte biwo pwokirè a epi enfòm yo sou gravite chòk ou pran a, sa w pèdi yo ak montan pou domaj w ap mande a.

Se responsabilite w pou bay lapolis, biwo pwokirè a ak, lè yo mande w li nan depatman lokal pou libète sou kondisyon, kopi pou fakti ak lòt dokiman ki montre dimansyon blesi w yo, sa w pèdi yo ak montan domaj ou ta renmen tribinal la konsidere. Y ap ajoute reklamasyon pou dedomajman ou a nan nenpòt rapò ankèt pou libète sou kondisyon (rapò anvan santans lan, anvan pledwaye a, oswa anvan dispozisyon an) Asire w pou:

- Konsève dokiman ki egzak tankou resi orijinal yo pou nenpòt depans ki se konsekans dirèk yon deli kriminèl.
- Bay kopi resi yo nan lapolis, biwo pwokirè ak Depatman lokal pou libète sou kondisyon.

Ou dwe eksplike aklè kisa w bezwen pou dedomajman an pi bonè ou kapab bay pwokirè distri a, avoka viktim oswa temwen an, ak sèvis pou libète sou kondisyon. Akò pou pledwaye a kapab parèt nan jou ki vini aprè deli kriminèl la. Si yo pa bay enfòmasyon sa a anvan akò pou pledwaye a ak santans lan, ou ka gen pou pousuiv otè a devan yon tribinal sivil.

Pwokirè distri a gen obligasyon pou li mande tribinal la pou li òdone yon dedomajman nan non w.

Nan tout deli kriminèl, anpil dosye kriminèl, ak tout dosye sou delenkans jivenil ak moun ki bezwen yon sipèvizyon (persons in need of supervision, PINS) y ap egzije yon rapò ankèt anvan santans lan oswa anvan dispozisyon yo. Depatman lokal pou libète sou kondisyon an ap kontakte w konsènan kesyon dedomajman an nan dosye ou a.

Kijan yo detèmine dedomajman an?

Montan dedomajman an baze sou prèv ou prezante pou bagay ou pèdi yo aprè deli kriminèl la. Moun ki koupab la gen dwa pou li opoze l ak montan dedomajman an. Tribinal la ka gen yon odyans sou kesyon dedomajman an kote tribinal la ka konsidere kapasite moun ki koupab la genyen pou l peye. Pwokirè distri a ka kontakte w epi mande w pou temwanyen nan odyans dedomajman an. Si w gen enkyetid pou parèt pèsònèlman nan tribinal la, ou dwe gade lòt solisyon ki genyen avèk pwokirè distri ki asiyen ak dosye ou a.

Si OVS te peye fakti w yo, tribinal la ka òdone pou gen peman dedomajman ki fèt pou OVS pou atik sa yo li te peye a. Li enpòtan pou w enfòm Biwo Pwokirè Distri a ou te depoze yon reklamasyon nan OVS.

Si w te depoze yon reklamasyon nan OVS, li enpòtan pou enfòm l si tribinal la òdone moun ki fè zak lan pou li peye dedomajman an.

Li
Kòman pou aplike pou
konpansasyon anvan
w ranpli fòm sa a.

Demann pou konpansasyon Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York

Tanpri enprime. Reponn tout kesyon yo.
Lè w depoze yon fo reklamasyon se yon krim!



Se Pwogram Asistans pou Viktim ki dwe itilize l sèlman

NIMEWO IDANTIFIKASYON OVS VAP	Non pwogram nan ak nimewo telefòn	Non defansè ak imèl
-------------------------------------	-----------------------------------	---------------------

1 Di nou sa w konnen sou viktim lan.

Siyati	Prenon	Inisyèl Dezyèm Prenon	Nimewo Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Verifye la si w pa gen youn (1).	Dat nesans	
Adrès Postal:					
Ri	Nimewo apatman (oswa bwat postal)	Vil	Konte	Eta (oswa peyi etranje)	Kòd Postal
Ras/Gwoup Etnik: <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Ispanik <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Alaskyen Natifnatal <input type="checkbox"/> Moun zile pasifik/Awayen Natif Natal <input type="checkbox"/> Lòt moun <input type="checkbox"/> Plizyè ras					

Eta sivil: Selibatè Marye Divòse Separe Vèf W ap viv ak yon patnè

Idantite seksyèl: Mal Femèl **Èske viktim nan te andikape nan moman ak lan?** Wi Non Pa konnen

Kòman w te tande pale pou premye fwa sou Biwo Sèvis pou Viktim yo?

Lapolis Lopital Pwokirè Distri Pwogram Asistans pou Viktim Radyo oswa televizyon Bwochi/Afich Entènèt Lòt

2 Si w pa yon viktim, epi ou siyen reklamasyon sa a, ou se moun k ap mande a. Di nou ki moun ou ye. (Gade nan "Kiyès ki kapab siyen reklamasyon an?" nan paj enstriksyon yo.)

Siyati	Prenon	Inisyèl Dezyèm Prenon	Nimewo Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Verifye la si w pa gen youn (1).	Dat nesans	
Adrès Postal:					
Ri	Nimewo apatman (oswa bwat postal)	Vil	Konte	Eta (oswa peyi etranje)	Kòd Postal

Kisa ou ye pou viktim nan? (Chwazi youn (1) sèlman.)

Paran Mari oswa Madanm Responsab legal timoun nan Avoka Lòt moun (Eksplike): _____

3 Di nou sa w konnen sou zak lan. (Chwazi youn (1) sèlman.)

Viktim nan te mouri akòz:

- Machin ak motè (DUI/DWI)
 Machin ak motè (lòt)
 Teyoris
 Krim Ensandi
 Trafik moun ak
 Lòt omisid: _____

Viktim nan te blese akòz:

- Agresyon Asèlman
 Agresyon seksyèl Kidnapin
 Abi fizik/neglijans timoun Teyoris
 Abi seksyèl timoun Krim Ensandi
 Machin ak motè (DUI/DWI) Vòl
 Machin ak motè (pa DUI/DWI) Trafik moun
 Pònografi ak timoun
 Lòt (Eksplike): _____

Viktim nan te pèdi byen pèsònèl ki esansyèl akòz:

- 0 Kanbriyaj Krim Ensandi
 Machin ak motè (DUI/DWI) Houliganism
 Machin ak motè (pa DUI/DWI) Fwod/Zak kriminèl
 Trafik moun
 Vòl (Pa gen blese)
 Lòt (Eksplike): _____

Ki kote krim nan te fèt? (Chwazi youn (1) sèlman.) Travay Lakay pa l Apatman. Bilding Ki nan yon ri ki piblik

Metwo oswa bis Paking Restoran oswa ba Lekòl oswa sou yon teren nan lekòl la Sant komèsyal Lòt (Eksplike): _____

Èske se yon zak ki te gen rapò ak vyolans nan kay?..... Wi Non Pa konnen

Èske se yon zak ki te gen rapò ak pèsèkasyon?..... Wi Non Pa konnen

Èske se yon zak ki te gen rapò ak abi oswa neglijans sou yon granmoun?..... Wi Non Pa konnen

Èske se yon zak ki te gen rapò ak rayisab?..... Wi Non Pa konnen

Èske viktim nan t ap kondui yon taksi nan moman zak lan te fèt la?..... Wi Non Pa konnen

Èske byen viktim nan te pèdi oswa te domaje pandan l t ap eseye anpeche oswa kanpe yon krim kont yon lòt moun oswa pandan l t ap eseye ede otorite kanpe yon krim? Wi Non

Nimewo rapò zak lan: _____ **Lapolis oswa ajans jistis kriminèl te rapòte bay:** _____

Konte kote krim nan te fèt: _____ Dat krim nan: _____ Dat yo te rapòte zak lan: _____

Si gen plis pase 7 jou ant dat zak lan ak dat yo te rapòte l, eksplike poukisa: _____

Si gen plis pase 1 ane ant dat zak lan ak dat ou te depoze reklamasyon an, eksplike poukisa: _____

Dekri zak lan ak mo pa w: _____

4 Di nou sa w konnen sou sispè a. Non sispè a (si w konnen l): _____

- Èske yo te arete sispè a pou zak sa a? Wi Non
- Èske yo te pousuiv sispè a pou zak sa a? Wi Non Yo poko fè sa
- sispè a ap viv nan menm kay ak viktim nan
- OSWA èske sispè a se yon manm fanmi viktim nan? Wi Non
- Èske tribinal la te bay yon òdonans pwoteksyon nan dosye sa a?..... Wi Non (Si wi, tache yon kopi.)
- Èske pwokirè distri a te òdone yon dedomajman?..... Wi Non Yo poko fè sa
- Èske tribinal la òdone sispè a pou l peye dedomajman an?..... Wi (Kantite \$ _____) Non Yo poko fè sa

REMAK - Si ou kalifye pou konpansasyon, OVS ka an mezi pou li ranbouse depans yo site anba a. Yo dwe mande atik sa yo nan kad dedomajman tribinal la te òdone. Yo ankouraje moun k ap aplike a pou li pataje enfòmasyon sa a avèk pwokirè yo si se yon deli kriminèl (ti zak). Gade nan paj ki gen enfòmasyon sou dedomajman tribinal la òdone pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou dedomajman an.

5 Pale sou depans ki gen rapò ak krim sa. (Tcheke tout sa ki aplike.)

- Medikal oswa anbilans
- Pou transpò pèsònèl
- Konsèy oswa medikal
- Konsèy
- Lòt (Eksplike): _____
- Sipò w pèdi (Reklamasyon pou desè sèlman)
- Pwofesyonèl oswa Reyabiliteyasyon
- Fineray oswa antèman
- Salè w pèdi
- Chèltè DV
- Demenajman oswa estokaj
- Byen pèsònèl ki esansyèl
- Netwayaj sèn krim nan
- Sistèm sekirite pou
- Tribinal

6 Site tout byen pèsònèl ki esansyèl, tankou lajan kach, linèt oswa rad ou bezwen ranplase akoz zak sa a. (Si pa genyen, ale nan 7 la.)

Dekri sa w te pèdi oswa ki domaje:	Pri	Dekri sa w te pèdi oswa ki domaje:	Pri
1. _____	\$ _____	4. _____	\$ _____
2. _____	\$ _____	5. _____	\$ _____
3. _____	\$ _____	6. _____	\$ _____

Konpanyi asirans pou pwopriyete oswa lokatè	Nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon	Franchiz \$
Machin oswa lòt Konpayi Asirans	Nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon	Franchiz \$

— Si pa gen blesi epi ou sèlman ap mande avantaj pou byen pèsònèl ki esansyèl ou yo, ale nan 15 la.—

7 Di nou sa w konnen sou travay viktim lan oswa sou paran yo ak sou asirans pou salè ki pèdi yo.

Si w pa vle nou kontakte patwon ou a, ou p ap kapab mande pou yo ranbouse w salè ki pèdi yo. (Ale nan 8 la.)

- Èske viktim la oswa paran viktim timoun ki poko gen 18tan a ki entène a te gen yon travay lè zak lan te fèt la? Wi Non (Si pa genyen, ale nan 8 la.)
- Èske viktim la oswa paran viktim timoun k ipoko gen 18tan a ki entène a te rate jou travay akoz zak lan? Wi Non
- Èske viktim oswa paran an ap travay ak tèt li? Wi Non (Si se wi, tache dènye kopi deklarasyon taks la ak tout anèks yo.)

Non, adrès, ak nimewo telefòn patwon an: _____

()

Ri kote patwon an ye Vil Eta Kòd Postal Nimewo Telefòn

Non, adrès, ak nimewo telefòn lòt patwon an: _____

()

Ri kote patwon an ye Vil Eta Kòd Postal Nimewo Telefòn

Non, adrès, ak nimewo telefòn doktè ki sètifye viktim nan pa kapab al travay: _____

()

Ri kote patwon an ye Vil Eta Kòd Postal Nimewo Telefòn

Di nou sa w konnen sou nenpòt konpayi asirans ki pral kouvri sa viktim nan pèdi nan travay li. (Si pa genyen, ekri "Okenn" anba a epi pase nan 8 la.)

Nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon oswa "Okenn"		Nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon oswa "Okenn"	
1. Asirans pou moun ki nan chomaj:		5. Konpansasyon travayè	
2. Asirans pou andikap		6. Lòt asirans	
3. Plan pou pansyon		7. Avantaj Sekirite Sosyal (ssn obligatwa)	SSN _____-_____-_____-
4. Lòt asirans		8. Avantaj SSI (ssn required)	SSN _____-_____-_____-

12 Site nenpòt konpayi asiran k ap pwoteje viktim nan oswa moun viktim nan responsab. Si pa gen asirans, ekri "Okenn" anba a. Si w te aplike men ou poko gen pwoteksyon an, ekri "Annatant" anba nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon an.

Nimewo kontra oswa nimewo idantifikasyon

Non moun asirans sa a pwoteje:

Konpanyi asirans primè		
Konpanyi asirans majè		
Lòt asirans (Sendika, swen dantè, vizyon, elatriye.)		
Medicare		
Medicaid		
Konpansasyon travayè		
Asirans machin		
Lòt asirans		

13 Si viktim nan mouri, di nou sa w konnen sou nenpòt asirans vi ak avantaj si gen lanmò.

(Si viktim nan pa mouri, oswa pa gen okenn asirans vi oswa avantaj lanmò, ale nan 14 la.)

Non konpayi an	Adrès	Nimewo telefòn	Kontra oswa Nimewo Idantifikasyon
Asirans vi _____	_____	() _____	_____
Plan pou pansyon _____	_____	() _____	_____
Lòt Plan oswa asirans _____	_____	() _____	_____
Medicaid _____	_____	() _____	_____
Travayè Konpansyon _____	_____	() _____	_____

Si gen nenpòt lòt asirans oswa avantaj lanmò, site l la: _____

Èske gen nan kontra sa yo ki bay viktim nan yon pwoteksyon pou frè antèman? Wi Non

Èske gen yon moun ki te aplike pou avantaj lanmò sekirite sosyal la? Wi Non

14 Pale nou sou sitiyasyon finansyè w. Ou DWE ranpli TOUT seksyon anba a. Si se okenn, rantre zewo (0).

Konbyen moun ou responsab? _____

Ki revni total anyèl ou (ki sòti nan TOUT sous ou yo)? Si w pa sèten, bay yon estimasyon: \$ _____

Site TOUT byen w yo ak TOUT dèt ou yo anba a. Si w pa sèten, bay yon estimasyon. Ou ka tache paj anplis, si sa nesèsè.

Byen w yo – Si se okenn, rantre zewo (0).		Dèt ou yo – Ki kantite lajan ou dwe aktyèlman?	
Epay, aksyon, obligasyon	\$ _____		Si se okenn, rantre zewo (0).
Byen reyèl (kay, elatriye)	\$ _____	Ipotèk	\$ _____
Benefis ki sòti nan asiran vi a	\$ _____	Prè	\$ _____

15 Èske w gen yon avoka prive (ki pa Pwokirè Distri a) k ap reprezante w? Wi Non

Si se wi:

Non	Adrès	() _____	Nimewo telefòn
-----	-------	-----------	----------------

16 Autorización para hablar con un representante:

Si quiere autorizar a un familiar, un amigo u otra persona para que hable con la OVS sobre su reclamo, escríbalo aquí.

Non moun nan	Adrès	() _____	Nimewo telefòn
--------------	-------	-----------	----------------

17 Victim/Otorizasyon pou reklamasyon an:

Mwen REKONÈT lè m aksepte yon rekonpans ki sòti nan Biwo pou sèvis viktim yo (OVS) li kreye yon privilèj ki nan avantaj Eta New York sou nenpòt rekouvremant ki gen rapò ak zak kriminel ki fondman reklamasyon an li gen ladan l jijman, règleman, oswa òdonans dedomajman. Mwen otorize nenpòt direktè finèrè, avoka, patwon, polis, oswa lòt otorite piblik, konpayi asirans, oswa nenpòt moun reyalize yon sèvis pou moun yo site anwo a, oswa ki gen menm konesans, pou founi OVS oswa reprezantan li yo enfòmasyon sa yo: dosye konpansasyon pou travayè, enfòmasyon ki gen rapò ak yon zak oswa nenpòt blesi oswa lanmò ki rive aprè yon zak, ak enfòmasyon ki gen rapò ak reklamasyon sa a. Si gen yon rekonpans, mwen otorize OVS pou fè pèman an dirèkteman bay founisè sèvis yo. Epitou mwen otorize OVS pou pataje enfòmasyon ak dosye li te konpile pou reklamasyon sa a avèk Pwogram Asistans pou Viktim pou pèmèt VAP asiste OVS nan pwosesis reklamasyon ak pran desizyon l. Si se yon avoka prive jan yo endike l anwo a, mwen otorize OVS pou pataje enfòmasyon ak dosye li te konpile pou reklamasyon sa a avèk avoka a pou pèmèt li aji kòm reprezantan m. Mwen konprann m ap bezwen yon Avi Konparisyon Separe ki sòti nan men avoka mwen an anplis otorizasyon sa a. Si se yon manm fanmi, zanmi, oswa yon lòt moun jan yo endike l anwo a, mwen otorize OVS pou pataje enfòmasyon ak dosye li te konpile pou reklamasyon sa a avèk moun sa a pou li kapab ede m avèk reklamasyon sa a.

Yon fotokopi otorizasyon sa a gen menm valè ak orijinal la.

Siyati moun ki fè demann nan	Dat	()
Imèl: _____	Lang ou pito pale:	<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Chinwa senplifye
Èske w bezwen yon entèprèt: <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Chinwa tradisyonèl <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Italyen <input type="checkbox"/> Koreyen	Nimewo Telefòn pou lajounen
	<input type="checkbox"/> Ris <input type="checkbox"/> Lòt: _____	

Pou yo trete reklamasyon ou a, voye dokiman sa yo nan kourye lapòs. (Kenbe yon kopi pou dosye w.)

- Tout fakti ak tout resi yo site nan fòm sa a
- Fòm reklamasyon ou ki konplè epi ki siyen
- Yon fòm HIPAA konplè pou **chak founisè sèvis** yo te site nan fòm sa a (Ou kapab fè fotokopi fòm HIPAA a.)
- Lèt ki sòti nan men nenpòt asirè ki refize oswa otorize peman pou sèvis yo site nan fòm sa a.

Sonje: Ou dwe faktire konpayi asirans ou a oswa plan avantaj ou a **anvan** OVS kapab peye.

Voye dokiman w yo pa lapòs nan: Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York
AE Smith Bldg
80 S. Swan Street
Albany, NY 12210-8002



**OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON SOU SANTE DAPRÈ HIPAA
[Depatman Sante Eta New York te apwouve fòm sa a]**

Non Pasyan	Dat nesans	Nimewo Sekirite Sosyal XXX-XX-____
Adrès Pasyan an		

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen an, mande pou enfòmasyon sou sante m ki gen rapò ak swen ak tretman m divilge jan yo di l nan fòm sa a:

Selon lwa nan Eta New York ak Règ konfidansyalite Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability) Ak 1996 (HIPAA), mwen konprann:

- Otorizasyon sa ka gen ladan l pataj enfòmasyon ki gen rapò ak **ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN RAPÒ ak VIH*** sèlman si m mete inisyal mwen nan liy ki apwopriye pou atik 9(a). Nan ka kote gen enfòmasyon sou sante dekri yo anba a li gen ladan l nenpòt nan kalte enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen nan bwat ki nan atik 9(a), Mwen otorize espesifikman pou yo pataje enfòmasyon sa yo ak moun ki endike nan atik 8 la.
- Si mwen bay otorizasyon pou pataje enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, tretman pou dwòg oswa alkòl, oswa enfòmasyon sou sante mantal, li entèdi pou moun k ap resevwa enfòmasyon sa yo pataje l san otorizasyon m, sof si lwa federal oswa lejislasyon Eta a pèmèt li. Mwen konprann mwen gen dwa pou m mande lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon ki gen rapò ak VIH san otorizasyon m. Si yo ta fè diskriminasyon kont mwen paske yo te pataje oswa devwale enfòmasyon mwen ki gen rapò ak VIH/SIDA, mwen ka kontakte Sèvis Dwa Moun Eta New York (The New York State Division of Human Right) nan (212) 480- 2493 oswa komisyon pou dwa moun nan Vil New York nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsabilite pou pwoteje dwa m yo.
- Mwen gen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt kilè pandan m ap ekri founisè swen sante yo site anba a. Mwen konnen mwen genyen dwa pou anile otorizasyon sa a eksepte nan sitiyasyon kote gen mezi ki pran deja sou baz otorizasyon sa a.
- Mwen konprann siyati otorizasyon sa a se yon bagay ki volontè. Tretman, pèman, anrejistremman nan yon plan sante, oswa kalifikasyon m pou avantaj yo p ap gen rapò ak otorizasyon pou pataje sa a.
- Moun k ap resevwa enfòmasyon yo pataje nan kad otorizasyon sa a ka pataje l yon lòt fwa (eksepte sa yo endike anwo a nan atik 2), epi lwa federal oswa lwa ki nan eta a pa kapab pwoteje divilgasyon ki refèt la.
- OTORIZASYON SA A PA OTORIZE W POU PALE SOU ENFÒMASYON SOU SANTE OSWA SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK YON Lòt MOUN KI PA AVOKA M OSWA AJANS LETA KI ENDIKE NAN ATIK 9 (b).**

7. Non ak adrès founisè sante oswa antite ki pataje enfòmasyon sa a:

8. Non ak adrès moun oswa kategori moun yo pral voye enfòmasyon sa a:

**BIWO SÈVIS POU VIKTIM NAN ETA NEW YORK – AE SMITH BLDG., 80 S. SWAN ST.,
ALBANY, NY 12210-8002**

9(a). Enfòmasyon espesifik k ap pataje:

- Dosye medikal ki sòti (ajoute dat la) _____ pou (ajoute dat la) _____
- Dosye medikal konplè, li gen ladan l antesedan pasyan an, nòt biwo a (eksepte nòt sikoterapi), rezilta tè, etid radyoloji, fim, rekòmandasyon, konsiltasyon, dosyefakti, dosye asirans, ak dosye yon lòt founisè swen sante te voye pou ou.
- Lòt: _____ Li gen ladan l: (Endike l pandan w ap mete inisyal ou)
- _____ **Tretman pou alkòl oswa dwòg**
_____ **Enfòmasyon sou sante mantal**
_____ **Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH**

Otorizasyon pou diskite sou Enfòmasyon Sante

- (b) Lè w mete inisyal ou la _____ Mwen otorize _____
Inisyal Non founisè swen sante endividyèl la
pou diskite sou enfòmasyon sou sante m avèk avoka m, oswa yon ajans leta, yo te site la:

BIWO SÈVIS POU VIKTIM NAN ETA NEW YORK

(Avoka oswa non fim oswa non ajans gouvènmanal)

10. Rezon ki pou fè yo pataje enfòmasyon yo:
Si moun nan mande l pou yo kapab etabli kalifikasyon pou avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York

11. Dat oswa evènman ki di otorizasyon sa a pral ekspire:
Otorizasyon sa ap ekspire nan fen kalifikasyon moun nan pou avantaj Biwo pou Sèvis pou Viktim yo.

12. Si se pa pasyan an mete non moun ki siyen fòm nan:

13. Otorite ki siyen nan non pasyan an:

Mwen ranpli tout atik nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon m yo sou fòm sa a. Anplis, yo te banm yon kopi fòm la.

Dat: _____

Siyati Pasyan an oswa Repezantan lalwa otorize:

***Viris iminodefisyans Imen ki lakòz SIDA. Lwa sou sante piblik nan Eta New York pwoteje enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye yon moun ki gen sentom oswa yon enfeksyon ak VIH yon fason ki rezonab ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.**